



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 01/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$28.3 MILYON POU REDWI AKSIDAN VEYIKIL
MOTORIZE YO SOU OTOWOUT NEW YORK YO**

***Finansman Kle Ki Pral Distribiye pou Pwogram Fòs De Lòd ak Sekirite Sikilasyon
yo Atravè Tout Eta a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a \$28.3 milyon nan sibvansyon federal sekirite otowout yo ke yo te atribye bay 550 pwogram atravè Eta New York pou kapab amelyore sekirite jeneral otowout yo epi redwi kantite lanmò ak blesi grav ki se konsekons aksidan veyikil motorize yo.

“Finansman sa pral ranfòse pwogram sekirite otowout nou yo nan bay resous pou inisyativ fòmasyon, edikasyon ak ranfòsman yo pou benefisye kominote yo atravè New York,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan ede Nouyòkè yo redwi konpòtman danjere ak ensousyan lè y’ap kondwi, pwogram sa yo pral ede amelyore sekirite otowout yo, anpeche trajedi ki evitab yo epi sove lavi.”

Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè an (Governor’s Traffic Safety Committee) ap distribiye finansman an sou fòm sibvansyon nan ajans leta, lokal, epi ki san bi likratif yo pou kapab sipòte tip inisyativ sekirite chofè espesifik:

Sèvis Sikilasyon Lapolis: Inisyativ ke ajans fòs de lòd yo fè pou sible konpòtman danjere chofè yo. Sa enkli patisipasyon nan mobilzasyon nasyonal pou senti machin ki rele “Click It or Ticket”, ansanm ak lòt inisyativ ranfòsman yo ki vize anpeche moun kondwi ak tout vitès epi agresiv.

Sekirite Pasaje Timoun: Edikasyon sou sekirite pasaje timoun, verifeye chèz machin, distribisyon plas, ak mizanplas estasyon pou adapte chèz timoun.

Sibvansyon Sekirite Otowout yo: Pwogram lokal, leta epi san bi likratif yo ki kouvri jefò sekirite sikilasyon adisyonèl yo ki enkli inisyativ edikasyon yo, ranfòsman kont chofè ki sou oswa ki dwoge, amelyorasyon dosye sikilasyon, rekonstwiksyon aksidan ak sekirite kwazman wout ray yo.

Yon lis konplè pwojè sibvansyon 2017 yo li disponib [isit la](#). Finansman an te atribye bay Eta New York pa National Highway Traffic Safety Administration an (National Highway Traffic Safety Administration).

Terri Egan, ki se Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè an epi Komisè Ekzekitif Adjwen DMV, te deklare, “Ranfòsman solid, atansyon ak edikasyon yo se mak pwogram sekirite otowout Eta New York yo, ki sove lavi chak jou nan ane a. Sibvansyon sa yo ke Gouvènè Cuomo te anonse yo pral ede ajans fòs de lòd yo ak inisyativ ranfòsman sible yo pandan l’ap ranfòse sansibilizasyon sou pwoblèm sekirite sikilasyon yo nan kominote yo atravè New York. New York se yon lidè nasyonal nan domèn sekirite otowout, epi sibvansyon sa yo se fondman jefò sa yo.”

Eliot Engel, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Aksidan sikilasyon ak lanmò yo trajik anpil, men yo souvan evitab ak investisman kòrèk nan edikasyon ak sekirite. Alokasyon sibvansyon federal sekirite otowout Gouvènè Cuomo an yo pou minisipalite lokal yo pral finanse pwogramasyon sekirite pasaje timoun yo, amelyorasyon sou otowout danjere yo, epi ranfòse lwa sikilasyon fòs de lòd lapolis yo nan kominote yo atravè Konte Westchester. Mwen bat bravo pou Gouvènè an poutèt li pran angajman sa anvè otomobilis ak pyeton nou yo.”

Nita M. Lowey, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Nouyòkè yo ki ap kondwi pou ale nan travay, pou depoze pitit yo lekòl, oswa retounen lakay yo apre yon long jounen, yo gen dwa pou jwenn wout ki sekirize. Sibvansyon sa yo demontre kijan investisman federal entèlijant yo sipòte jefò ajans lokal ak ajans leta yo pou kapab pwoteje epi sèvi kominote nou yo. Antan ke Manm Wograde nan House Appropriations Committee an, mwen fyè pou mwen kontinye batay la pou ogmante finansman pou pwogram sa yo ak lòt pwogram enpòtan yo k’ap sove lavi epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite.”

Brian Higgins, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Finansman federal sa pral sipòte divès ajans fòs de lòd ki baze sou kominote yo, ak pwogram yo ki pwomouvwa, ankouraje epi ranfòse otowout ki sekirize.”

Sean Patrick Maloney, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Rekonstwi enfrastrikti k’ap debrale nou yo te pandan lontan yonn nan pi gwo priyorite mwen, epi mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo poutèt angajman li nan amelyore sekirite sou tout otowout leta nou yo – espesyalman nan Hudson Valley. Mwen espere kontinye ak travay mwen an bò kote Gouvènè an pou sekirize investisman federal kle yo pou pèmèt eta a finanse inisyativ sekirite ki enpòtan yo.”

Elise Stefanik, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Finansman enpòtan sa pral ede amelyore sekirite sou wout North Country yo, k’ap redwi ka aksidan ak lanmò yo ki an rapò ak sikilasyon. Nan Kongrè a, mwen te ede fè adopte premye dokiman lwa sou transpò alontèm pandan yon dekad, ki enkli tou inisyativ sekirite otowout enpòtan yo, epi bay kominote lokal yo fleksibilite ke yo bezwen pou amelyore wout ak pon nou yo. Nou dwe kontinye travay ansanm sou plan leta, federal ak lokal pou kapab asire ke nou kenbe fanmi North Country yo an sekirite.”

Lee Zeldin, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Sibvansyon sa yo pral bay resous ki nesèsè pou fòs de lòd nou yo ak kominote lokal la pou kapab ranfòse enfrastrikti nou yo epi amelyore sekirite transpò, ak kalite lavi an jeneral. Antan ke yon manm nan House

Transportation and Infrastructure Committee, mwen pral kontinye travay de prè ak ofisyèl eta nou yo pou abòde nesesite enfrastrikti ak transpò New York yo.”

Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè an nan Eta New York li kowòdone sekirite sikilasyon ak ativite sansibilizasyon yo atravè New York. Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè an, ki konpoze de 12 ajans manm, ansanm ak patnè li yo travay ansanm sou inisyativ sekirite sikilasyon ak ranfòsman nan kominote yo atravè New York.

Pandan tout yon pakèt ane, sibvansyon sekirite otowout sa yo te bay rezilta atravè New York. Ane sa, DMV ak Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè an [te anonse](#) ke 92 pousan Nouyòkè yo kontinye mete senti epi itilize senti machin yo regilyèman, sa ki koresponn ak gwo rekò toutan anvan nan Eta New York lan an 2015.

National Highway Traffic Safety Administration se yonn nan 11 ajans ki nan U.S. Department of Transportation, epi li responsab pou redwi lanmò, blese ak pèt ekonomik ki se konsekans aksidan veyikil motorize yo. National Highway Traffic Safety Administration li etabli epi ranfòse estanda pèfòmans sekirite yo pou veyikil motorize yo ak ekipman yo, menm jan ak bay sibvansyon pou gouvènman Eta yo kapab òganize pwogram sekirite otowout ki efikas.

Gen plis enfòmasyon sou pwogram sekirite otowout Eta New York yo ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418